



# Dwa Sivil Ou yo



Depatman Transpò Vil New York (New York City Department of Transportation, NYC DOT) pran angajman pou respekte Tit VI Lwa 1964 sou Dwa Sivil (Title VI of the Civil Rights Act), Lwa 1987 sou Retablisman Dwa Sivil (Civil Rights Restoration Act), ak tout règleman ki gen rapò ak lwa yo (yo rele yo ansanm, "Tit VI"). Dapre Tit VI, okenn moun oswa gwoup moun pa dwe eskli nan patisipasyon, ni jwenn refi avantaj, refi aksè, osnon sibi diskriminasyon nan lòt fason nan okenn pwogram oswa sèvis NYC DOT administre, akòz ras, koulè, peyi kote yo sòti, sèks, laj, andikap, oswa sitiyoasyon revni. Pwosedi pou pote plent sa a se pou moun ki kwè NYC DOT te fè diskriminasyon kont yo.

## Ki moun ki ka depoze yon plent Tit VI?

Nenpòt moun oswa gwoup moun ki kwè yo te fè diskriminasyon kont yo akòz ras, koulè, peyi kote yo sòti, sèks, laj, andikap, oswa sitiyoasyon revni yo nan pwogram oswa sèvis NYC DOT administre yo ka depoze yon plent.

## Kilè yo ta dwe depoze yon plent?

Yo ta dwe depoze yon plent nan 180 jou oplita apre dat swadizan diskriminasyon an.

## Kijan ou ka depoze yon plent pou diskriminasyon?

- **Sou entènèt:** Soumèt yon fòm plent elektwonik ki disponib nan [nyc.gov/contactdot](http://nyc.gov/contactdot).
- **Nan telefòn:** Rele 311
- **Nan kourye Lapòs:** Voye yon plent alekri nan –

New York City Department of Transportation  
55 Water Street, 9th Floor  
New York, NY 10041  
Attention: Commissioner

Anplis yon plent ou depoze nan NYC DOT, ou ka depoze yon plent bò kote nenpòt nan sa ki annapre la yo:

**New York City Commission on Human Rights**  
**Sitwèb:** [www1.nyc.gov/site/cchr/index.page](http://www1.nyc.gov/site/cchr/index.page)  
**Telefòn:** (718) 722.3131

**New York State Division of Human Rights**  
**Sitwèb:** [www.dhr.ny.gov](http://www.dhr.ny.gov)  
**Telefòn:** (888) 392.3644

**New York State Department of Transportation – Office of Civil Rights**  
**Sitwèb:** [www.dot.ny.gov/main/business-center/civil-rights](http://www.dot.ny.gov/main/business-center/civil-rights)  
**Telefòn:** (518) 457.1129

**US Department of Transportation – Departmental Office of Civil Rights**  
**Sitwèb:** [www.transportation.gov/civil-rights](http://www.transportation.gov/civil-rights)  
**Telefòn:** (202) 366.4648

**Federal Highway Administration – Office of Civil Rights**  
**Sitwèb:** <https://www.fhwa.dot.gov/civilrights/>  
**Telefòn:** (202) 366.0693

**Federal Transit Administration – Office of Civil Rights**  
**Sitwèb:** <https://www.transit.dot.gov/title6>  
**Telefòn:** (888) 446.4511

## Ki enfòmasyon mwen ta dwe mete nan plent mwen an?

Plent yo ki soumèt nan telefòn oswa pa lapòs dwe gen ladan enfòmasyon sa yo omwen:

- Rezime swadizan zak diskriminasyon an (yo)
- Dat swadizan zak diskriminasyon an (yo) ak si wi ou non swadizan diskriminasyon an ap kontinye
- Baz pou plent lan (tankou ras, koulè, peyi kote ou sòti, sèks, laj, andikap, oswa sitiyoasyon revni)
- Enfòmasyon pou kontakte ou

## Konbyen tan NYC DOT ap pran pou rezoud plent mwen an?

Depi sa posib, yo dwe avèti moun ki pote plent lan, alekri, osijè rezilta yo ak aksyon pou pote koreksyon, si genyen, nan 60 jou oplita.